ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№185 (23.343) ● 2016 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 22, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Парламентым и пленар зэІущІэ зэхуос

КЪБР-м и Парламентым и спикер Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэІущІэр. Депутатхэм абы къыщащта унафэм тету КЪБР-м и Парламентым и зи чэзу пленар зэІущІэр фокІадэм и 29-м зэхыхьэнущ.

КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зэІущІэм щытепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан ІэнатІэм хыхьэ къулыкъухэм я Реестрым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законопроектым. А документыр КЪБР-м и Парламентыр 2016 гъэм и бжыхьэ сессием зэлэжьыну Іуэху нэхъыщхьэхэм я планым хагъэхьащ икІи депутатхэм, зыхуэфащэ органхэмрэ организацхэмрэ хуагъэхьащ законопроектыр къаэзрыщыхъуар, абы хэлъхьэн хуейуэ къальытэ зэхъуэкІыныгъэхэр ягъэхьэзырын папщІэ.

ЗэІущІэм апхуэдэу щыхэплъащ УФ-м и Уголовно-процессуальнэ кодексым, «Урысей Федерацэм егъэджэныгъэр къыззрыщызэрагъэпэщым и Іуэхукіэ», «Урысей Федерацэм ныкъуэдыкъуэхэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ зэрыщратым и Іуэхукіэ» федеральнэ законхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ къагъэхьа жэрдэмхэм. Социальнэ мыхьэнэ хэха зэриІэр къальытэри, депутатхэм даІыгъащ «Зи сабиигъуэр зауэм ирихьэлІахэм я Іуэхукіэ» федеральнэ законым и проектыр къыхэлъхьэным теухуауэ Тэтэрстан Республикэм и Къэрал Советым къиІэта жэрдэмыр.

ЗэІущІэм нэгъуэщІ Іуэхухэми щытепсэлъыхьащ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий тригъэкІащ коррупцэ Іуэхухэм хэпщІауэ гурыщхъуэ зыхуащІ къулыкъущІитІ

КЪБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэм УФ-м и Уголовнэ кодексым и 30-нэ статьям и Іыхьэ 3-м, 291.1-нэ статьям и Іыхьэ 3-м и «б» пунктым къыщыгъэлъэгъуа хабзэншагъэхэр (зэкІэ сом зы мелуан хуэдиз хъу Іулъхьэшхуэ щызэІэпахьи дэлэлу щытыну зэрыхуежьар) илэжьауэ къызэралъытэм къыхэкІыу КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий а къулыкъущІэр зыпэрыт Іэнатіэм Іуигъэкіащ. Апхуэдэ дыдэ унафэ премьер-министрым кІыщтащ а министерствэ дыдэм и къудамэхэм ящыщ зым и унафэщІми хуэгъэзауэ. Мы хабзэншагъэм и лъэныкъуэкІэ абы бгъэдэлъ къуаншагъэр зыхуэдизыр зэхагъэкІ.

КЪБР-р ящыщщ ахъшэр нэхъ тэмэму зезыгъакІуэ щІыналъэхэм

УФ-м Финансхэмкіэ и министерствэм иджыблагъэ хэІущІыІу ищІащ финансхэр зэрызэрахьэм и фІагъымкІэ 2015 гъэм щІыналъэхэм я рейтингыр. Абы ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр щІыналъэ финансхэр нэхъ тэмэму зезыгъакІуэ ялэ гупым хэхуащ.

2009 ГЪЭМ щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр финансхэр мыІейуэ щызэрагъакІуэ щІыналъэхэм плІэнейрэ, финансхэмкІэ менеджментым и лъэныкъуэкІэ къыкІэрыху щІыналъэхэм тІэуэйрэ яхэтащ.

2015 гъэм республикэм и Іуэхур апхуэдэу зэрефІэкІуам и лъабжьэщ бюджетыр гъэбыдэным, къэрал управленэр егъэфІэкІуным, финанс менеджментым и иджырей Іэмалхэр къэгъэсэбэпыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр зэкІэлъыкІуэу икІи текІ имыІэу зэрыщрагъэкІуэкІар.

КЪБР-м Финансхэмкіэ и министерствэ.

Къэбэрдей уэрамым макъамэр щызэпыуакъым

ФокІадэм и 20-м республикэм и щІыналъэ псори гуфІэгъуэ дауэдапщэкІэ гъэнщІауэ щытащ, ауэ цІыху нэхъыбэ зэхуэзышэсар, шэч хэмылъу, ди къалащхьэращ. Налшыкдэсхэм иджыри гу зыщамыхуа Къэбэрдей уэрамым нэгуэлужь концерткІэ щрагъажьэри, пшапэр зэхэуэху цІыхухэр дэзыхьэх Іуэхугъуэ гъэщІэгъуэнхэр щекІуэкІащ.

«НАЛЦІЫКІУ», «Эльбрус», «Шагъдий», «Минги-Тау», «Асса», «Звёздочка», «Каллисто», «Зори Кавказа» «Гармонисты», «Ровесницы», «Озорницы», «Басият» ныбжьыщІэ къэфакІуэ гупхэм, Таукеновэ Галинэ, Щомахуэ Хьэсэнбий, «Родник» къэзакъ хорым, Музыкэмкіэ театрым и уэрэджыкІуэхэм, нэгъуэщІ куэдми я концерт программэ гурыхьымкІэ ягъэгуфІащ къызэхуэсахэр.

ІэпщІэльапщІэхэу Тау Еленэ, КІуэкІуэ Мадинэ, Роговэ Людмилэ сымэ я Іэрыкі гъэщІэгъуэнхэр гукъыдэж зиІэ дэтхэнэми абдежым къыщащэхуну Іэмал яІащ.

Адыгэхэм я махуэм и кІэух Іыхьэу Къэбэрдей уэрамым щызэхаща джэгум къалэр къиГъэдаІуэрт, къэмыфэфэр игъэхъуапсэрт. Тыркум къикІа хьэщІэхэм къыздаша «Мазэ нэху» къэфакІуэ гупым джэгур нэхъри зэщІагъэлпльащ. Зэхьихьэр уджкІэ зэхуащІыжащ.

ГуфІэгъуэм зэхуишэса нэхъыжьхэри нэхъыщІэхэри лъэпкъ махуэр тхуэугъурлы-ну хъуахъуэрт. Ар къыхэзылъхьахэр зэрыщымыуар, абыхэм иджыри куэдрэ фІыщІэ псалъэ зэрыхужаІэнур уи фІэщ хъурт.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.
Сурэтхэр **Сенич Михаил** *трихащ.*

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XI зимычэзу Конгрессыр

ФокІадэм и 19-м Налшык къалэ щекІуэкІащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XI зимычэзу Конгрессыр. Абы хэтащ Тыркум, Сирием, Иорданием, Германием, Голландием, КъБР, Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс, Краснодар, Ставрополь, Осетие Ищхьэрэ - Алание щІыналъэхэм щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я лІыкІуэхэр.

КОНГРЕССЫМ хэтхэм фІэхъус псалъэкІэ захуигъэзащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий, апхуэдэу телеграммэхэр къагъэхьащ Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ Тхьэкіушынэ Аслъэнджэрий, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Іэтащхьэ Темрезов Рашид, Абхъаз Республикэм и Президент Хаджимбэ Рауль сымэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий къыхигъэщащ зимычэзу Конгрессыр зэхэщэным щхьэусыгъуэ хуэхъуар ДАХ-м и Уставым урысей хабзэм тету зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыхалъхьар, ар Іэзэткіэ къащтэн зэрыуейр зэрыарар, апхуэдэуи жиІащ ДАХ-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ зэрырикъур икІи а лъэхъэнэм кърибудэу а зэгухьэныгъэшхуэм зэфІигъэкІа лэжьыгъэхэм, абы Іуэху щызыщІахэм я гуащІэм къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ.

Адэкіэ Конгрессым и лэжьигъэм къыпищэу ДАХ-м и Хасащхьэмрэ Гъэзэщіакіуэ гупымрэ хэтхэр тепсэлъыхьащ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэ куэдым. Сирием щыпсэу адыгэхэм нобэ я Іуэху зыІутым убгъуауэ тепсэлъыхьащ а къэралым и ФІыщІэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэпащ Іэ Ниази, Урысеймрэ адрей къэралхэмрэ щыІэ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэуІу щІыным, ДАХ-м лъэпкъ, дин зэгухьэныгъэхэм яхуиІэ пыщІэныгъэм къытеувыІащ Бырс Реджаи, Бырсекъуэ Орфан сымэ.

Хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм я щІалэгъуалэр Урысейм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм щегъэджэным, абыхэм я щІэблэр АР-м, КъБР-м, КъШР-м, Краснодар крайм и сабий зыгъэпсэхупІэхэм кьеГъэблэгъэным теухуауэ къэрал Іуэхущ Іапіэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ зэрызэдэлажьэм тепсэлъыхьащ ДАХ-м и Гъэзэщіакіуэ гупым хэтхэу Табыщ Мурат, Аслъэн Алий, КъБР-м и жылагъуэ Іуэхущ Іапіэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхуэмкіэ и управленэм и унафэщІ КІурашын Анзор сымэ.

ДАХ-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ Щ.Іыхь тхьилъхэмрэ саугъэтхэмрэ Сэхъурокъуэ Хьэутий яритащ лъэпкъым гурэ псэкІэ хуэлажьэ ди лъэпкъагъуэхэм, хьэщІэхэм. Абыхэм ящыщщ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хэт Геккиев Заур, Бразилием щекІуэкІа Олимп Джэгуэм щытекІуа Мудрэн Бесльэнрэ абы дыжьын медаль къыщІзыхьа Джэду Іэниуаррэ, нэгъуэщІхэри.

Конгрессыр зэрекІуэкІам теуха тхыгъэ зыубгъуа ди газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ*

НОБЭ

♦Автомобилыншэу зекІуэным и дунейпсо махуэщ

♦Болгариием и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ. 1908 гъэм ар Уэсмэн пащтыхыгъуэм къыхэкІащ.

♦Балтие къэралхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ. Эстонием, Латвием, Литвам илъэс 16 хъуауэ щагъэлъапІэ.

♦1862 гъэм США-м и президент Линкольн Авраам Іэ щІидзащ 1863 гъэм щыщышылэм и 1-м къыщыщІэдзауэ пщыІ псори щхьэхуит зэрыхъужьым теухуа унафэм.

♦1935 гъэм ялэ, етІуанэ, ещанэ рангхэм я капитан цІэр СССР-м и Дзэ-Тенджыз Флотым щагъэуващ, Совет Союзым и Маршал цІэри къащтащ.

♦1943 гъэм Центральнэ, Воронежскэ фронтхэм я дзэхэр Днепр зэпрыкІащ.

♦1943 гъэм зауэм етІуанэ фронт къыщыхэзІуамыхьи папщІэ, Германием Сталин Иосиф е Черчилль Уинстон мамырыгъэм теуха зэгурыІуэныгъэ ярищЫыпІэну Геббельс къыхилъхьа жэрдэмым арэзы техъуауэ щытакъым Гитлер.

♦1944 гъэм советыдзэхэм Таллинн хуит къащІыжащ.

♦Къигъэщіа илъэс 65-м щыщу илъэс 36-кІэ Франджым и пащтыхь гуащэу щыта **Австрийская Аннэ** къызэралъхурэ илъэс 415-рэ ирокъу.

♦Инджылызым щыщ физик, химик, генераторыр къэзыгупсыса, нэгъуэщІ къэхутэныгъэ куэд езыгъэкІуэкІа **Фарадей Майкл** къызэралъхурэ илъэс 225-рэ ирокъу.

♦Совет бзэщІэныгъэлІ, лексикограф, профессор, «Урысыбзэм и псалъалъэр» къыдэзыгъэкІа, урыс литературэбзэр кууэ зыджа **Ожегов Сергей** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Педагогикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Мамхэгъ Раисэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦США-м щыщ уэрэджыІакІуэ, актёр, режиссёр цІэрыІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэу щыта **Рид Дин** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, телеэтынхэр езыгъэкІуэкІ **Голубкинэ Марие** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

♦Бразилием щыщ футболист цІэрыІуэ, дуней псом и чемпион тІэунейрэ хьуа, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэ куэдым щытекІуа, ЩІы хъурейм и футболист нэхъ Іэзэ дыдэу къальытэ **Роналдэ** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 14, жэщым градус 11 – 12 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Улъэсу шум ущІэмынакІэ.

● Футбол

«Спартак-Налшык» - «Краснодар» - 0:2

Урысей Федерацэм футболымкІэ и кубокыр къэхьыным теухуауэ екІуэкІ зэхьэзэхуэм и финалым и 1/16-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ дыгъэпшыхь Налшык щызэхэта зэІущІэм апхуэдэ бжыгъэ къырикІуащ.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Краснодар»-мрэ я зэІущІэр зэрекІуэкІам теуха тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.



Махуэ тхурехъу!

Адыгэхэм я махуэм ирихьэлIэу фокIадэм и 19-м къыззрагъэпэща концертыр МузыкэмкIэ театрым IэтауэщIрагъэкIуэкIащ. Илъэс ещанэ хъуауэ лъэпкъым къызэдалэт гуфIэгъуэм къызэщIигъэтаджэр кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъур тIысыпIэ нэщI имыIэу цIыхур пэшым щIэз зэрыхъуам наIуэ пщищIырт.

АДЭЖЬ лъэпкъым, бзэм, къуэпсым ятеухуа усэкIэ, гупсысэ щхьэпэхэмкIэ гъэнщIауэ щыта пщыхьыр къызэIуха иужь Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** къызэхуэсахэм хъуэхъу псальэкIэ захуигъэзащ.

- Адыгэ куэдым я хъуэпсапIэу щыта лъэпкъ махуэр илъэс ещанэ хъуауэ догъэлъапIэ. Лъэпкъым щыгъуэ-щIэж махуэ диIэщ, ауэ дыкъыззэплъэкIыж зэпыту дыпсэу хъунукъым, ипэкIэ дыкIуэтэн хуейщ. Си хабзэр, ди фIыпIэр, ди шыгъупIастэр щыдгъэпрыт, утыку къыщитхъэ махуэ щхьэхуэ диIэ хъуащ. Ди республикэм и Iэтащхьэм а махуэр къэщтэныр къызэрыздиIыгъамкIэ фIыщIэ хуэфащэщ. Едгъэжьа Iэухур лIэщIыгъуэ бжыгъэхэм зэIэпахыу зэрагъэлъапIэнур ди фIэщ мэхъу. НэгъуэщI зы щхьэусыгъуэ дахи гуэгъу хуэхъуащ ди лъэпкъ махуэшхэм - Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэрызэрагъэпэщкъ мы гъэм илъэс 25-рэ ирокъу. Нобэ ДАХ-м Налшык щригъэкIуэкIа зи мычэзу Конгрессым дунейм и щIыпIэ куэдым кьикIа ди лъэпкъэгъуэр кьеблэгъащ. Ди хасэр зэрыпэжьэну хабзэр къэралым кьигъэув жьпхъэхэм тету зэфIэдгъэуващ, дяпэкIи лъэпкъ Iэухур егъэфIэкIуэным дытелэжьэнущ. ФIыщIэ ин яхуэсщIыну сыхуейщ хамэ лъэпкъхэм ящыщу адыгэхэм ди махуэр къыддэзыгъэлъапIэ дэтхэнэми, - жиIащ Сэхъурокъуэм.

«Кабардинка», «Мазэ нэху» (Тырку), «Ашад» (Адыгей) къэфакIуэ гупхэм, Бэч Азэмат, Хьэхъупащ Амырхъан, Мамбет Мадинэ, Тхьэгъэпэдж Светланэ, Сокъур Ольгэ, Хьэкъул Оксанэ сымэ, нэгъуэщI уэрэджыIакIуэ куэди хэту къызэрагъэпэща концертым къызэхуэсахэм я гукъыдэжьр къиIэтащ.

* * *

А МАХУЭМ Музыкэ театрым и пIуащIэ пэшым Мэзло Руслан и арджэнхэм я гъэлъэгъуэныгъэ къыщызэIуахащ. Утыку кьрахьа хьэпшыпхэм яфIэгъэщIэгъуэну цIыхухэр епIьащ. КIуэ пэтми зи Iэзагъэ хэзыгъахьуэ щIалэ Iэпэ Iосэм и арджэнхэм хилъхьэ тхыпхъэхэр нэхъ гугъу, абыхэм ящIэлъ философиер нэхъ куу мэхъу. Нэхъри ефIэкIуэну ди гуапэщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Уэгум хыхьэж лъабжьэхэр

Сэралъп Мадинэ и Артцентрым лъэпкъым хуэгъэпса зы махуи гулъытэншэ щащIыркъым. Сириемрэ щыщ ди лъэпкъэгъу, пхъащIэ Iэзэ Шаркас Мухьсин и Iэдакъэщ1экIхэм я гъэлъэгъуэныгъэкIэ къалэдэсхэр игъэгуфIащ фокIадэм и 20-м.

«УЭГУМ хыхьэж лъабжьэхэр» фIэщыгъэм щIэту къызэIуаха гъэлъэгъуэныгъэм утыку къыщрахьа лэжьыгъэ пори щащIар адэжь хэкуращ.

- Си лэжьыгъэхэр си гъащIэм и Iыхьэ нэхъыщхьэщ. Ахэр фигу ирихьамэ, хуабжьу си гуапэщ. Си дежкIэ нэхъыщхьэр гъэлъэгъуэныгъэ кьэс ныбжьэгъущIэ къызырызгъуэтырщ, - жиIащ Мухьсин. – Пхъэм урилэжьэну тыншкъым, абы зыгуэр къыхэпщIыкIын папщIэ, илъэс зыбжанэкIэ щыбгъэлъын хуейщ. Хэкум къыщыкI жыг лъэпкъыгъуэ псори иджыри фIыуэ зэрызмыцIыхум мащIэу гугъу срегъэхь. Мыбы къыщыкI жыгхэр ди бзылъхугъэхэм хуэдэу дахэщ, къызыхэутынишэщ, пагэщ, ауэ щыхъурыкIи быдэщ, къэгъэшыгъуейщ. ЦIыхубзыр гъащIэм и нэщэнэщ, ар гъэлъэпIэн, Iэтын хуейщ, а щхьэусыгъуэращ си Iэдакъэщ1экIхэм я нэхъыбапIэм бзылъхугъэм и нэщэнэ щIахэфлъагъуэри, - жеIэ Мухьсин.

Жыг зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэщыкIа скульптурэхэм ди хэкуэгъум и дуней лъагъуклI гъэщIегъуэным нэIуасэ ухуащI.

Шаркас Мухьсин 1952 гъэм Дамаск къыщалъхуащ. Зэкъуэшитхурэ зэшыпхъуищрэ хъу бынунэм я нэхъыщIэщ. «Дэ шапсыгъ лъэпкъым щыщ Ачмыз лIакъуэм дыкъыхэкIащ, ди къуэлсхэр Псытlуащ1э и Iэхэлъахэм къыщежьэу щытауэ жаIэж. Си адэшхуэр а щыпIэхэм 1864 гъэм кьикIауэ кьысхуаIуэтэжащ. Ар шууей бэлыхьу, зауэлI цIэрыIуэу щытащ. Си анэр лъэпкъкIэ тыркущ», - жиIащ абы.

Мухьсин Iэщ1агъэ щызэригъэгъуэтар Совет Союзырщ, Баку дэт ухуакIуэ институтым щеджащ, 1982 гъэм Дамаск игъэзэжа иужь хамэ къэрал проектхэр гъэхьэзырныр и нэIэ щIэту ухуакIуэ фирмэм щылэжьащ.

Ар гъэзджэм гуваущ щыхыхьар. Сурэт щIыным дихьэхыу щыта щIалэ цIыкIур къыдэкIуэтея иужьщ Iэнатlэм ифIэщу зыщирпщытар. И ныбжьэгъу сурэтыщIхэм яжь къыщIихуа е ехъуэпса? Сытми, пхъэм елэжьын щыщIидза зэманым имыцIыхухэ дуней къыхузэIуихащ абы, иужькIэ аращ зытхьэкъуари.

Мухьсин и Iэдакъэщ1экIхэм нэр игъэгуфIэ щыдэйкъым, ахэр хуабагъэ гуэркIэ кьыбдогуашэ, къызыхащIыкIа жыгым и хьэл къытощ.

«Си дежкIэ мыкьэнэшхуэ иIэщ цIыхухэм си Iэдакъэщ1экIхэр къаззрыщыкъум. Пхъэм уемыIусауэ абы хэлъ кьарур пхузыхэщIэнукъым. Си лэжьыгъэхэм еплъ къудей мыхъуу, еIусэу пхъэм и пкъыр дэтхэнэми зыхищIэну сыхуейщ. ПIалъэ гуэркIэ адэжь щIынальэм сыщылэжьэну, мыбы къыщыкI жыгхэр къэзгъэIурыщIэну сыхуейщ, - къыддогуашэ ар.

Мазэкlэ екIуэкIыну гъэлъэгъуэныгъэм дэтхэнэри пщIэнщэу кIуэну Iэмалыфl щыIэщ.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Тыркум къикIа хьэщIэхэр хэтащ «Адыгэхэр ди тхьдэ гъуэзджэм фригушхуэ» фестивалым

Куэд щIауэ къыззрекIуэкIым тету, Адыгэхэм я махуэм ирихьэлIэу Бахъсэн районым къэкIуащ Тыркум щыпсэу адыгэхэм я лIыкIуэхэр. Ахэр къалэм гуапэу щрагъэблагъащ икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыпIэ нэхъ дахэхэм къыщрашэкIащ.

МАХУЭШХУЭМ ирихьэлIэу къызэрагъэпэща дауэдапщэхэр къыщызэIуахащ Ислъэмей къуажэм Мэршэн Н. П. и цIэр зэрихьэу дэт ещанэ курыт еджапIэм. Абы къыщызэрагъэпэщащ «Адыгэхэр ди тхьдэ гъуэзджэм фригушхуэ» фестивалыр. ХьэщIэхэм ящIыгъуу абы хэтащ муниципалитетым, къуажэм я Iэтащхьэхэр, егъэджэныгъэмкIэ район администрацэм и Iэхэущ1апIэм и лэжьакIуэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

ЕджапIэм и пщIантIэм къыщызэIуаха уней лъапсэр, адыгэхэм я псэукIэм, я шхыныгъуэхэм, зэрахьэ Iэмэпсымэхэм ятеухуар къызэрагъэпэщащ еджакIуэхэм, адэ-анэхэм, егъэджакIуэхэм. Класс нэхъыжьхэм щIэсхэм ягъэлъэгъуащ япэ зэманым алэрыбгъухэр, арджэнхэр зэращIу щытар, дыщэкIэ зэрыхадыкIыр.

Школ пщIантIэм къыщызэрагъэпэщащ «Лъэтеувэ», «КъъуейлъыжькlэрыщIэ», «Гъавэ къехьэлIэжьыгъуэ» хабзэжьхэр зэрагъэзащIэу щыта щIыкIэр, абыхэм екъэлIа зэпеуэхэр. А псоми хиубыдэу къуажэм дэс нэхъыжьхэм ящыщ **Елдар Хьэрэбий** тепсэлъыхьыжащ Iэнэ зэрагъэту, хьэщIэхэр зэрагъэлъапIэу щыта щIыкIэм.

Зэхыхьэр ягъэдэхащ Хьэтlохъущ1къуей къуажэм и ещанэ курыт еджапIэм и къэфакIуэ гупым, Къэсейхьэблэ къуажэм дэт курыт еджапIэ №21-м и сабий къэфакIуэ ансамблым. ХьэщIэхэм хуабжьу ягу ирихьащ «Кавказ» ансамблым хэтхэм жаIа пасэрей адыгэ уэрэдыжьхэр.

«Адыгэхэм я махуэр ягъэлъапIэу зэрыхуежьэрэ дэ Бахъсэн районым дыщокъэщIэри, сытым дежи хуабжьу тфIэгъэщIэгъуэнщ лъэпкъ хабзэхэр хьумэным муниципалитетым и унафэщIхэри къызэрыгъэкI цIыхухэри зэрыхуэсакъыр», - зэжьхьэм къыщыщIипсалъэм къыхигъэщхьэхуэкIащ Тыркум къикIа адыгэ гупым я Iэтащхьэ **Хьэгъундокъуэ Яшар**.

Махуэр адыгэ джэгукIэ, уэрэдхэмкIэ яухащ. Гуфlэгъуэ дауэдапщэхэр щызэхуищIыжым курыт еджапIэм и унафэщI Къаскъул Иринэ псоми фIыщIэ яхуищIащ мы махуэ лъапIэм зэрыхэтам, дэтхэнэми и зэфIэкI ар къызэгъэпэщыным зэрыхилъхьам папщIэ икIи Тыркум къикIа хьэщIэхэми щIынальэм, къуажэм я унафэщIхэми екъуэхъуащ узынщагъэ, ефIэкIуэныгъэ, берычэт яIэну.

ЧЫЛАР Аринэ.

Зэхыхьэ дахэр джэгушхуэкIэ яухыж

Адыгэхэм я махуэм Шэджэм муниципальнэ районым щыIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XI Конгрессым хэтахэр, ЩIыналъэ властым и лIыкIуэхэм ящIыгъуу ахэр хэтащ гуфIэгъуэ махуэм теухуа дауэдапщэхэр къыщызэрагъэпэща щIыпIэхэм.

ШЭДЖЭМ къалэм дэт курыт еджапIэ №1-м Тыркум, Иорданием, Сириемрэ щыщ ди лъэпкъэгъухэр щрагъэблагъащ адыгэ фащэкIэ хуэпа школакIуэхэм. Мы Iуэхущ1апIэм и пщIантIэм абыхэм яфIэгъэщIэгъуэну щыгъуэзэ зыщащIащ адыгэ уней лъапсэм и зэхэлъыкIэмрэ абы илъ хабзэхэмрэ. Адыгэ шхыныгъуэхэр щыпрыхьэт Iэнэм, зэрыхабзэу, махъсымэ фалъэр щIэтащ адыгэ лъэпкъым и ефIэкIуэныгъэм, дуней псом мамырыгъэ щыIэным хуэгъэза хъуэхъухэм щIэту.

Адэкlэ хьэтиякIуэм адыгэ джэгур зэхишащ икIи еджакIуэхэр утыкум кьихьэри къаГъэлъэгъуащ лъэпкъ къафэхэм зэрыхуэIэзэр, хабзэхэм зэрыщыгъуазэр.

Гуфlэгъуэ Iуэхухэм щыпащщ курыт еджапIэм и кIуэцIым. ХьэщIэхэм ирагъэлъэгъуащ сабийхэм езыхэм я Iэкlэ ягъэхьэзыра адыгэ шхыныгъуэхэр, лъэпкъ Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэр.

Гуфlэгъуэ Iуэхуэр щекIуэкIащ щIынальэм Щэнхабзэмкlэ и унэми. Абы къыщызэIуаха концертышхуэм хэтхэм гуапэу ирагъэблагъэри жьантIэмкIэ щагъэтIысащ нэгъуэщI щIынальэхэм къикIа ди лъэпкъэгъуэхэр. Концертым и пэщIэдзэм «ЩIэджэм псыкъелъэхэр» цIыхубэ ансамблым и уэрэджыIакIуэхэм пасэрей адыгэ уэрэдыжьхэр щыжаIащ. Абыхэм ящыщщ «Си гуэлъхэм фыкъежьу», «Щауэ Нэкурэ» уэрэдхэр, нэгъуэщIхэри. Псоми ягу ирихьащ «Зрирей» балъкъэр цIыхубэ ансамблым и макъамэхэри. ЦIыхухэр я макъ гуакIуэхэмкIэ кьыдахьэхащ уэрэджыIакIуэхэу ДыщэкI Артур, Юташевэ Людмилэ, Атэлыкъ Алим, Пщиноку Диана, Беппаев Тэхыр, Ахъуэхъуэ Ланэрэ Марианэрэ, Ахъмэт Даринэ сымэ.

Махуэшхуэ дауэдапщэхэр щаухащ Щэнхабзэмкlэ унэм и гупэм деж иIэ утыкум. Абы къыщызэIуаха джэгушхуэр пщыхьэщхьэр хэкIуэтэху екIуэкIащ.

КIАРЭ Элинэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Хьэрычэтыщ1эхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ **Афэщ1ыж Юрий Сэфарбий и къуэм** хуогъазэ абы и адэ **Афэщ1ыж Сэфарбий Хьэжысмел и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Театр лэжьакIуэхэм я союзымрэ КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэ **Кулиевэ Элизэт Элбай и пхъум** хуогъазэ абы и анэ **Кульбаевэ Бесльимэт Таукеш и пхъур** зэрылIам къыхэкIыу.

Адыгэхэм я махуэм теухуауэ 2016 гъэм фокІадэм и 20-м Лэскэн щІыналъэм къыщыІэрагъэпэщащ Іуэху нэхъыщхьэхэр щекІуэкІащ Арщыдан къуажэм дэт «Бедик» стадионым.

Жылэ псори Арщыдан щызэхуос

МАХУЭШХУЭМ кърихьэлІа губгъуэм щагъуэват лъэпкъ уней лъапсэхэр. Ахэр къызэхакІухьурэ, хьащІэхэмрэ Афіэунэ Аслъэнрэ къуажэдэсхэм екъуэхъуащ, абыхэм я Іэдакъэщ1экІхэм яфІэгъэщІэгъуэну щыгъуазэ защІащ.

Лъапсэхэм щагъэлъэгъуащ адыгэ хабзэжьхэм - гущхэпхэм, лъэтеувэм, кхъуейлпъыжькІэрыщІэм - я къызэгъэпэщыкІэхэр. Осетин, балъкъэр бзэр къызэтрагъэнащ. Иджы ди къуэш лъэпкъым зиужь зэпытщ икІи Урысейм и адрей лъэпкъхэм ящы-гъуу гъащІэщІэ еухуэ. Іуащхьэмахуэ щІыналъэм лъэпкъ куэдым къахэкІахэр исщ икІи ахэр мамыру, зэгурыІуэу илъэс Іэджэ лъандэрэ здэпсэу», - къыхиигъэщхьэхуІащ Уянаевым.

Щ1ыналъэм и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Балъкъэр Руслан** къалэм, къуажэхэм я унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІащ мыпхуэдэ зэхьхьэ дахэ къызэрызэрагъэпэщам папщІэ.

Адыгэхэм я махуэшхуэмкІэ екъуэхъуу къэпсэльащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Энеев Мыхьмуд**, Тырныауз къалэм дэт гимназие №5-м и унафэщІым и къуэдзэ, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Антоновэ - Рише Наталье**.

Концертыр щекІуэкІым Іуащхьэмахуэ районым и щІыналъэ администрацэм щэнхабзэмкІэ и управленэм и лэжьакІуэхэм экраным щагъэлъэгъуащ адыгэ лъэпкъым и тхыдэм, щэнхабзэм, адыгэ цІыху цІэрыІуэхэм ятеуху слайд-шоу. Концертыр ягъэдэхащ «Сэлам» ансамблым, уэрэджыІакІуэ Гаев ТІэхьир, адыгэ щэнхабзэмкІэ дунейпсо конкурсым и лауреат, Бахъсэн районым и «Кавказ» ансамблым.

ТАРИМ Алисэ.

Іуащхьэмахуэ щІыналъэм адыгэхэр щагъэлъапІэ

Уянаев Казым и псалъэ.

Абаев СулътІанбэч и цІэр зэрихьэу Тырныауз къалэм дэт Гъуаздджэхэмкіэ сабий школым Адыгэхэм я махуэм ирихьэлІэу фокІадэм и 19-м къыщыІэрагъэпэщащ «Дыщалъхуа щІыналъэрщ ди къарум и къыхэкІыпІэр» концертыр.

АБЫ кърихьэлІащ Іуащхьэмахуэ щІыналъэм, Тырныауз къалэм я администрацэхэм я унафэщІхэр, хабзэхъумэ органхэм, «Адыгэ Хасэ» район жылагъуэ зэгухьэныгъэм я лЫкІуэхэр, щІыпІэм щыІэ Іуэхущ1апІэхэм, предприятэхэм, организацэхэм я лэжьакІуэхэр, къуажэхэм къикІа лІыкІуэхэр.

Хьэщ1эхэр фІэхъус сэламкІэ иригъэблагъэри, Іуащхьэмахуэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Уянаев Казым псоми ягу къигъэкІыжащ Адыгэхэм я махуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий 2014 гъэм фокІадэм и 12-м къыдигъэкІа Указымкіэ зэригъэувар икІи ар республикэм иц лъэпкъ псоми я гуфІэгъуэу зэрыщытыр. «Адыгэ лъэпкъым тхыдэ къуелой иІэщ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъуци, абы гуфІэгъуэхэм къадэкІуэу напэкІуэцІ нэщхьеягъуэхэри хэтщ. Адыгэ лІакъуэхэм яхуэзфІэкІащ къалъыкъуэкІа гугъуехьэр тэмэму къызэранэкІын икІи щалъхуа щІыналъэр, я зэхэщІыкІыр, щэнхабзэр, лъэпкъхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадекІуэкІ хабзэжьхэр екІуу утыку кърахьащ Уэзрэдж, Ташлы-Тала къуажэхэм я лІыкІуэхэм.

Щ1ыналъэм исхэм мы гуфІэгъуэ махуэм ящыгъупщакъым Мэкъуауэ Малик и гъэсэн Къуийцыкіу Ахьмэд иджыблагъэ дунейпсо утыкум зэфІэкІышхуэ зэрыщигъэлъэгъуар. Алыджурым бэнэкІэмкІэ ныбжьыщІэхэм я дунейпсо чемпионат иджыблагъэ ирагъэкІуэкІам абы ещанэ ЗвыпІэр къыщихьащ. Апхуэдэ зэфІэкІ зыгъэлъэгъуа щІалэм псалъэ гуапэхэр хужаІащ, ахьшэ саугъэт ирагащ.

Махуэ псом стадионым спорт зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэр щагъэкІуэкІащ. Къызэхуэсахэм адэкІэ я нэгу зрагъэужьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и эстрадэм и артистхэу ЦокІыл Азэмэт, Шал Хъусен, Царикаевэ ФатІимэ, Насыл Астемыр сымэ.

Лэскэн муниципальнэ щІыналъэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Шыгъэлыгъуэ Мерал и усэхэр

Мерал. *2010 гъэ*

Мералрэ Окай Яманрэ. *1985 гъэ*

Ди газетеджэхэм фІыуэ яІыхун хуейщ нэхъ пасэу тхыгъэ зыбжанэ зыхуэдгъэфэща, «ПІэщІыгъуэ тельыджэ» тырку киносериалыр зи Іэдакъэщ1экІ, а къэралым щыпсэуэ адыгэ актрисэ, сценарист Шыгъэлыгъуэ Мерал.

Фигу къэдгъэкІыжьыщи, Шыгъэлыгъуэ Іэта илъэу Мерал 1959 гъэм фокІадэм и 20-м Анкара къыщалъхуащ. Тыркум къыщыхъуа адыгэ ныбжьыщІэ куэдым хуэдэу, Мерал Кавказ лъэпкъ зэгухьэныгъэхэм я Федерацэм щекІуэкІ адыгэ щэнхабзэ Іуэхухэм щІапІыкІащ. Зыщ1ыхуахэм яІуэтэж ар адыгэ къафэкІэ пэрыт пщащэхэм ящыщу щытауэ. Журналист Іэщ1агъэм хуеджа, «Ди пщэдджыжь фІыуэ» газетым щылэжьа бзылъхугъэр хуэмурэ фильм Іуэхущ1апІэхэм япыщІа хъуащ, нэхъыбэми къыззэрацІыхур киносценарист Іэззу зэрыщытамкІэщ. Дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа «ПІэщІыгъуэ тельыджэм» и серие щитІыр Мерал и Іэдакъэщ1экІщ, езыр хэмыту наГъэсыжахэр «Мерал и фэеплъкІэ» трахащ.

1984 гъэм Мерал щхьэгъуэсэ хуэхъуат театрымрэ киномрэ я артист Окай Яман. И щхьэгъусэм и унэцІэр зэрихьэу езы Мерал 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 9-м дунейм ехыжащ.

Къызэрыщ1экІымкІэ, бзылъхугъэ сэнаушыфІэм киносценарийхэм нэмыщІ иджыри усэхэр итхыу щытащ. Ар илъэс зыбжанэкІэ дэлэжьащ тырку уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ Сезен Аксу, абы игъэзащІэ уэрэдхэм псалъэ щІилъхьэу. Шыгъэлыгъуэ Мерал и усыгъэхэу Хъуажь Фахъри тыркубзэм кърихьу Къармэ Іэсият адыгэбзэм къригъэззэгъахэр къызэрыфщыхъуар къытхуэфтхамэ ди гуапэ хъунт.

Вагъуэгъуазэ

Дэнэ ущыІэ си Вагъуэгъуазэу
Гъэгуанэ кІыхьым щызиІэпэгъу?
Си гум и тепщэрэ си нэм и плъапІэу
Гъэгуанэ гугъум щызинэпкъэгъу...

Борэн зэблэухэм укъамыуІэрэ,
УІэгъэ стелъри умыльагъуухэрэ,
Пхуэсщ1а хъуэпсапІэхэм
гу лъумытэххэурэ
Дауэрэ уэгум уилъэтыхьат?!

...Зы щхьэусыгъуи къыпхуэзмыгъанэу,
Сызэхэщ1ыкІыжьэурэ
сылъэлъэжьынщи;
КІуэ, Вагъуэгъуазэ, фІыр уи гъуэгуанэу -
Телъыджэ дахэхэр пхуэзубгъуэжьынщи...

Деспинэ гуащэ

Щхьэтепхъуэ пІащІэм
зыщІумыгъапщкІуэу,
Къэуззэдыт Іэнэр, Деспинэ гуащэ!
Жыг гуэрэн Іувым пІэ щытхуэуху,
Нэхъ уэрэд дахэхэр гум едэхащІэу.

Иджыри дыщІалэ, Деспинэ дахэ?
Иджыри дыгъагъэ, Деспинэ гуащэ?
Шыкур - шыкур!

Жэщ даущыншэхэр гухэлъ псыкъелъэу,
ЩІасэм дыкъеджэмэ, кхъухьлъатэу
къос -
Бомонти къалэ къикІыху дыпэплъэу,
Дыкъэгумащ1эурэ гухэлъым дес...

Иджыри дыгъагъэ, Деспинэ гуащэ?
Иджыри дыщІалэ, Деспинэ дахэ?
Шыкур - шыкур!

Фадэбжьэ пІащІэ къыщыщІэдгъалъэм,
Фэндэшх нэхъ Іэфіыр хыдогъэзагъэ.
Музэйян щІалэм и макъ псыкъелъэм
Макъамэ щабэу дигухэр егъахъэ.

Иджыри дыщІалэщ, Деспинэ гуащэ!
Иджыри догъагъэ, Деспинэ гуакІуэ!
Шыкур!

ГущІэмкІэ согъэ

Гукъэкіыжьыр гум ешэкіи,
Аркъуэйемкіэ си гур гъэфІ!
Узыр жейм къыщІыхэпыджэм,
Мазэ изыр сфІохьу пщыкІутІ.

ГукъэкІыжу нокъуэдыкъуэм
И цІэр гущІэм щызгъэпщкІуат.
ЩІыпІэ жьжьэу щІыпІэ хамэм
Ар бынунэ щыхъужат.

Тхьэрыкъуитіу зэІущащэр
Къытщыщ1амкІэ зэупщІыжт;
ФІыгъуэу щыІэр Іэпыщэщу,
Лъагъуныгъэр дукІыжт!

Лъагъуныгъэ яукІ хабзэт?
Ар мафІэст. Уэлбанэ уейт.
ЩІыпІэ жьжьэм щыбынунэт -
И цІэр гущІэмкІэ щызгъейт.

Епэр

Мы къалэм и утхэм саутІыпщкъым,
Хы Іуфэхэм ягу къысщІогъу.
Уэрыншэмэ, зыми сыщыщкъым,
УвыІэпІэхэм уипц1 къыщызогъу.
ЩІым сытрадзэу пц1ыхэр къызоуэ!

Сыхьыхьэмэ жей Іув кІэухынщэм -
Закъуэныгъэр си шхыІэн щІагът.
Згъэщащэрти ди блын гуджэшхуэр...

Щымы1эххэр мы къалэм - си гуэгъут.
Закъуэныгъэр си шхыІэн щІагът.

Епэр гъагъэр, псы хуэлІэу, мэхуалэ;
Льэужьынщэу дунейр сыбгынэнщ.
СыкІуэдыжмэ, вгъэсыж си жьауэр -
КъызжепІахэр епэру хуэлэнщ.
Уэрамдыхьэхэм уипц1 къыщызынэнщ.

Пхузогъэгу

МафІэгу гъуагъуэхэр ныпкІэлъогъуае,
Блынджабэ бзагуэхэр нэф хьэфизщ.
КъэувыІэпІэхэр ныпкІэлъогие -
Гурыгъуэзыр мафІэгум изщ.

Гъатхэ пшапэм сыкъыщыхэбнэм,
Гугъэу тщІахэр къэпщэхужакъым.
МыІэмылІэу щІым сыкъыщибнэм,
Удын жагъуэр сщхьэщ1ыпхыфакъым.

* * *

Нэгъуэщ1ым и пІэщхьагъ согъэфІ...
Хьэрэм усщІакъым - Тхьэм къыздещІэ.
А зи бгырыпх пТІэтар нэхъыфІ?
Пкъутащ щыхьыншэу гуІэфІтещІэр.

* * *

ПхузиІэжкъым ней - насыпыфІэ ухъу!
Къызитынщ Къэзыгъэщ1ым щхьэ
шхыгъуэ.
Си хьисэпыр кІэщІщ: псори
пхузогъэгъу.
Псори... Пхузогъэгъу... Сыт си дагъуэ?

* * *

Сыкъыдожэ уи гум. Сыкъыдожэ.
Имыгъуэхэу, пасэу сыпычат.
Псалъэу къыз1эптар къыумыщэхужу,
Гъатхэ пшыхьым си псэр къыхэбнат!

Укъыззэытам ущысІихьыжьм -
Адэкіэ узилІкъым. Ущхьэхуитщ!
НэгъуэщІ фыз, нэхъыфІу
щыбгъуэтыжьым,
СщІэркъым уи лъэ макъ, уи бауэкІэщІ.

... Зззмызэ уакъыхохьэ пщІыхьхэм,
Щхьэзыфіэфіу Іупщ1э къысхубощІ.
ЩІасэхэр уогъафІэ гъатхэ пшыхьхэм,
Гуфіэгъуэ мыкІыхьхэр ядогъэфІ.

Укъыззэытам ущысІихьжьм,
Абрэмывэ бзагуэр къыстощатэ.
Роэзм и хьэтыр къыщысхуэбгъанэм,
ЩІасэ бгъафІэу, псэ уІар мэятэ.

Дыхейкъым...

Лъыпс-пщ1энтІэпс зэпкъуэкІыу,
Жэщым укъэушмэ -
Закъуэныгъэм зыкъыуишэкІауэ...
Зэшэкі абы щыгъуэ
ПкІуэц1ылъ сабиипсэр
Анэм ещхьу уегужьеекІауэ.
Гуэныхьыщ1эщ Іэхэр,
Бзэхэр гуэныхьыбэщ -
Дунейм тетхъым хейуэ зы псэ гуэр.
ЛІэщІыгъуэ абрагъуэ зи кІыхьагъ
мафІэсу,
Гуэныхь шэрхъщ мы дызэрыт дунейр!
Лъыпс пщ1энтІэпс зэпкъуэкІыу жэщым
укъэушмэ;
Псэр зыхуэмеижьыр къыплъихьамэ,
Зешэкі абы щыгъуэ
УимыІэж анэпсэм -
Сабийм хуэдэу уегужьеекІауэ.
Гуэныхьыбэщ бзэхэр,
Іэхэр гуэныхьыщ1эщ -
Дунейм тетхъым хейуэ зы псэ гуэр...
ЛІэщІыгъуэ шынагъуэ зи кууагъ псэ уэру,
Гуэныхь шэрхъщ кІэрахъуэу щІы
хъурейр.

Балъкъэр Руслан

Адыгэ спектаклым щыдзэгуахэр. Мерал сэмэгумкІэ щысщ.
Анкара, 1976 гъэ

Экономикэ Политикэ
Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● Дунейпсо утыку

Путин Владимир СНГ-м и лэжьыгъэр къепщытэж

Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгуэхьныгъэм хьыбэхэм я Iэтащхьэхэм я Iущiа нэужь, Урысеим и Президентыр тепсэлъыхьащ СНГ-м и къэкIуэнум, Украинэмрэ Сириемрэ щыIэ щытыкIэр зэпIэзэрыт щIыкIным. Урысеймрэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэмрэ щекIуэкIыну хэхьныгъэхэм.

СНГ-м хэт къэралхэм я Iэтащхьэхэм я зэIущIэ Бишкек щылэм щекIуэкIащ фокIадэм и 17-м. Абы кьрикIуахэм эхпIъжа нужь Путин Владимир жиIащ. Зэгуэхьныгъэм хэт къэралыгъуэхэм я щхьэхуитныгъэр ягъэувыныкмкIэ СНГ-р сэбэп зэрыхъуар. Абы кьыдэкIуэу, Урысейм и Президентым къызэрыхигъэщамкIэ, абы хэт къэралыгъуэхэр сытым дежи быдэу зэдэлэжьащ. СНГ-м хэтхэм къапщытэжащ илъэс 25-м къриубыдэу зэгуэхьныгъэм зэфIиха лэжьыгъэхэр.

Путиным зэкъжиIамкIэ, Зэгуэхьныгъэм хэт къэралыгъуэхэм я Iэтащхьэхэр и телъхьащ СНГ-р хъумэным.

- ИпэкIэ укIуэтэным зэран хуэхъу, биократием зэщIищта псори пIэныкъуэкIэ егъэкIуэтэкIауэ, ди къэралыгъуэхэм я Iуэхур езыгъэфIэкIуэн Iэмалыщ Iэхэр къэгупсысыпхъэщ, - жиIащ Урысейм и Iэтащхьэм.

Украинэм щыщIыIэ щытыкIэм теухуауэ Путин Владимир къыхигъэщащ къэралыгъуэ пIэщIу икIи щхьэхуиту абы зиужьным Мэзкуур зэрыхущIэкъур, зэпыщIэныгъэ быдэхэр яIэу дэлэжьэну зэрыхуейр. Абы зэрыжиIэмкIэ, урысей пIэныкъуэм диIыгъыну хьэзырщ кризисым кIикIыным хуэунэтIауэ Киев сыт хуэдэ жэрдэм хъихьэным.

- Дэ дызыхущIэкъур Украинэм и щхьэ и унафэ ищIыжу, экономикэ и пIэныкъуэкIэ къэралыгъуэ лъэрызехьэ хъунырщ. Дэ дыхуейщ тегъэщIапIэ пщIы хъун гьунэгъу зэпIэзэрыт диIэну. Аращ ди къэрал унэтIныныгъэхэм зытеухуар, - жиIащ Путин Владимир.

Къыщыжиящ, Президентым къызэрыхигъэщыкIэ, зэгурыIуэныгъэхэр егъэкIуэкIын папщIэ Iэмал псори Урысейм къызэригъэпэщыну хьэзырщ, Киев а жэрдэмщ къыдиIыгъмэ.

Сириеим теухуауэ Путин Владимир жиIащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм ирахьащ. Къэралым и лыкIуэ Дорошенкэ Николай жиIащ 2017 гъэм СНГ-м и тхьэмадэу Урысейр зэрыхахынумкIэ зэрымыарэзыр. «Донбассым щыщIэ щытыкIэ гугъумрэ Крымыр Урысей Федерацэм къызэриубыдамрэ къэплъытэмэ, ар къемызэгъ Iуэхугъуэщ», - къыхигъащ Дорошенкэ.

СНГ-м хэт къэралыгъуэхэм щыпсэухэр 2020 гъэм зэрабжьыну теухуауэ Украинэм и лыкIуэм жиIащ: «Ди къэралыр СНГ-м и къыхэтхыкIым хэтынущ, ауэ Кърымым щыпсэухэр Урысейм и цIыхуу къэвбжмэ, абы кърикIуахэр къэтлъытэнукъым».

- Iпэу, ныкъэгъэщынэ сызыхуейращи, Урысейм зым и щIынальэ кIиуфыдакъым. Кърымым къыщыхьуар псори къызэрыкIар хабзэм къемызэгъыу Украинэм къыщыунэхуа политикэ зэгуэхьныгъэхэрщ, абы-хэм я зэранкIэ а къэралым зэхъуэкIыныгъэхэри къыщыхъуащ. Кърымыр Урысейм щыщ щIэхъуар а щIынальэм щыпсэу цIыхухэм апхуэдэ жэрдэм къыхалъхьати аращ. ЩытыкIэр Лъэпкъ Зэкъэтхэм я Зэгуэхьныгъэм (ООН) и хабзэмрэ дунейпсо хабзэмрэ тет Iуэхугъуэщ. Апхуэдэ куэд къэхъуауэ тхыдэм щыдолъагъуэ, - жиIащ Путин Владимир.

Урысейм и Президентым апхуэдэу къыхигъэщащ СНГ-м и уставыр щызэхагъэувэм Украинэр зэрыхэмытар икIи Iэ зэрытримыдзар. Абы къыкIыныгъэ зэрыгъэныгъэм и лэжьыкIэм Киев зэхъуэкIыныгъэ хилъхьэну хуитыныгъэ иIэкъым.

СОЗАЕВ - ГУРЬЕВ Егор.
«Известия»

● Президент щIэин

Сыт Каримовым и унагъуэм къахуэнар?

«Пащтыхьыр» лIащ. Ауэ дауэ иджы зэрыхъунур абы и унагъуэшхуэр. Узбекистаным и Iэтащхьэр щыпсэуам абы и Iыхьлыхэм я Iуэхуэр фIы дыдэу щытащ, президентым и жьауэм щIэту я бизнесым зрагъэубгъуу. Пэжщ, ипхъу Гульнарэ и нэпсеягъэм и зэранкIэ псори фIэкIуэдащ. Ауэ иджыри иIэщ пхъу, малъхъэ, пхъурылъхухэр. Абыхэм сыт къахуэнар?

УЗБЕКИСТАНЫМ и правительствэм щыщым «Московский комсомолец» газетым и корреспондентым хьыбар зэрыригъащIамкIэ, дызыхуэкIуэ президент хэхьныгъэхэм щытекIуэну хуагъэфащэ иджыри премьер-министр Мирзиёев Шавкат, аращ Каримовым и хьэдэщIэлъхьэр дзыхь зыхуащIауэ щытари. ЩытыкIэр апхуэдэу къызэрекIэрэхъуэкIынум Узбекистаным и унафэщIхэр 2016 гъэм и пэщIэдзэ лъандэрэ хузэхьэзырт, нэгъуэщI Iэмалхэм хэпIъажэрэ зэрыкIыным. КъызэрыгуэкI куылыкъуэхэм зэкIэ тетыр Каримовым игъуавуэ щытахэращ, ауэ мыхьэнэшхуэ зиIэ увыпIэхэр яхьуэжащ.

«МК»-м и хьыбарегъащIэм къызэрыхигъащамкIэ, къэралыгъуэм и стратегие унэтIныныгъэр зэрыщытам хуэдэу къэнащ, ауэ узыгъэпIейтейхэм ящыщщ Каримовым и унагъуэм и къэкIуэнур. Куэдым гъэщIэгъуэн ящыхъуащ дыуэщIым Каримовэ Лолэ и благъэхэр зэрыщымыIар - абы и щхьэгъусэри и бынхэри къекIуэлIакъым (узбекхэм я хабзэм къызэрыгъэувымкIэ, Iар щыщIалъхьэкIэ и благъэхэр псори къекIуэлIапхъэщ, нэхъ жьжьхэхэри яхэту). Абы къыхэкIыу, «МК»-м и хьыбарегъащIэм хуигъэфэщащ, узбекхэм Каримовым и унагъуэр фIыуэ яIыгъну пэтми, политикэмрэ бизнесми абыхэм дяпэкIэ хьыхьапIэ зэрамыIэр къыгурагъэIуауэ.

2008 гъэ лъандэрэ Узбекистаным ЮНЕСКО-м щиIэ и лыкIуэщ Каримовэ Лолэ икIи абы къыдэкIуэу и нэIэ щIэтщ сабий зеиншхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ ядэIэпыкъуныкIэ фондитI. Зыхуэныкъуэхэм щхьэкIэ мыпкъур абы къегъуэт и щхьэгъусэ Тилляев Тимур и дзэпыкъуныгъэкIэ - а зыращ абы я унагъуэм лажьэу исыр. «Bilan» швейцар экономикэ журналым 2014 гъэм къызэрилъытамкIэ, абыхэм я мылькур доллар мелуани 100 - 200 хуэдиз хъурт, езы Лолэ а бжьигъэхэр ягъэбгъэуауэ кьелъыытэ. А псоми къадэкIуэу, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм зэрыжаIэмкIэ, Лолэрэ Тимуррэ Голливудрэ Женевэрэ унэшхуэхэр щаIэщ, дэтхэнэри доллар мелуан 58-рэ, доллар мелуан 41-рэ хуэдиз я уасэхэу.

Каримовым кьыпэщIэтахэм куэдрэ жаIэу щытащ Тилляевым и мылькур гъэпцIагъэрэ IулъхьэкIэ зэригъэпэщауэ. Къапщтэмэ, зэратхымкIэ, Тимур и къуэ жаIэ наркотикхэр Афганистаным иришурэ Европэм зышэурэ мылъкушхуэ щызыщIа, Самарканд щыщ мафием пыщIа Тилляев Хьэким. Гъэнапкъэм щиIэ и цIыхуэгъэхэр къигъэсэбэпри, Тимур транспорт компание къызэригъэпэщащ, пошлинэ имыиту Узбекистаным хьэпшыр къришэн щхьэкIэ. Узбекистаным и унафэщIыщIэхэм а «Iэхуэтхьэбзэр» мыгувэу къызэпаудыну къыщIэкIынщ.

Нэхъ гугъу ехьынущ Каримовэ Гульнарэ. 2014 гъэм и мазаем къыщыщIадзауэ ар хэн унэм къыщIэкIыну хуимыту тезыр тралъхьауэ ипхъу Иман и гъусэу щIэсащ. «МК»-м и хьыбарегъащIэм зэрыжиIамкIэ, и адэр сымаджэщым щыщIэлъа лъэхъэнэм ар Европэм е США-м къыщыщIидзынкIэхъунут. Гульнарэ къаутIипщынымщымыгъэми хъунущ, сыту жыпIэмэ, Каримовыр дунейм ехьэжа нэужь унафэр зыIэрыхьаxэр ар ягъэтIысыными и телъхьэу щытащ.

2014 гъэм и мэкъуауэгъэуэм Гульнарэ и къуэ Исльам узбек хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм япиубыдащ и анэр зэрыпсэум щыхьэт техьэу гуэр наIуэ хуащIыну. Абы и макъ ирагъэтхам и къуэр щыщхьэуIу маззм ирагъэдIуащ. Гульнарэ абы къыщIиутэрт езымрэ и пхъумрэ хьэм нэхърэ нэхъыкIэу къызэрыхущытыр икIи икIэщIыпIэкIэ дохутыр дэIэпыкъуныгъэ зэрыхуэныкъуэр. Iуэхур апхуэдэ щытамэ, иджы ар ягъэкIуэдыным зыри гугъуехь пыщIакъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Узбекистаным зыри кьинакъым абы и телъхьэу къэувыфыну.

2009 гъэм Каримовэ Гульнарэ Швейцариием и цIыхуб нэхъ кьулей дыдэхэм я деж 9-нэ увыпIэр щиIыгъыу щытащ. Абы и мылькур доллар мелуан 700-м нэблагъэу къаIытэрт. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, а мылькур абы зэхуихьэсащ Узбекистаным щылэжьэну хуей нэгъуэщI къэрал компаниехэм къатрихыурэ. Псалъэм папщIэ, 2012 гъэм псалъэмакъышхуэ къэхъеяуэ щытащ Урысеймрэ швед-фин компаниехэмрэ екъэлIауэ. Абыхэм Гульнарэ къатрихыну хуеящ доллар 1 мелард. Цыхьубзым апхуэдизкIэ игурэ и щхьэрэ зэтелъти, шыбжанэрэ жиIащ Узбекистаным и кьыкIэлъыкIуэ президенту увыну.

АВАКОВ Артур.
«Московский комсомолец»

● Пенсэхэр

ЩыуагъэкIэ сом мелуан 32-рэ хуагъэхьат

Челябинск областым хьыкъ Южноуральск къалэм щыпсэу пенсионер цIыхубзым щыуагъэкIэ и пенсэм ахъшэшхуэ къыхущIагъащ. Кърат пенсэм и пIэкIэ абы банкым къыщызэIуихэ тхылъым сом мелуан 32-рэ къиухтащ.

ПЕНСЭ фондым зэрыщыжаIэмкIэ, ар зи щыуагъэр дэфтэрхэр езыр-езыру зыгъэхьэзыр компьютер программэрщ. Абы гу зэрылъатэу нолик зыпыт ахъшэгъэ пенсионерым и тхылъым ирахьащ. ЩыуагъэкIэ кьыIэрыхьа мылъкушхуэм щыщ цIыхубзым къигъэсэбэпыну хунэсатэкъым.

«Компьютерым зэхуихьэса дэфтэрхэм иримыпIэжа IэщIагъэлIым куэды тралъхьэнущ», - щыжаIащ Пенсэ фондым. КъыщыжьмыщIауи, псалъэ ятащ апхуэдэ щIэщхьэхэр къэмыхьун папщIэ хуэфащэн Iэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну.

МИХЕЕВ Геннадий.
«Аргументы и факты»

Кърымым теухуауэ Порошенкэ диIыгъыну къегъэгугъэ

Нью-Йорк щекIуэкIащ Лъэпкъ Зэкъэтхэм я Зэгуэхьныгъэм и Ассамблее Нэхъыщхьэм и 71-нэ зэхуэсыр. Абы и лэжьыгъэм хэтащ къэрал куэдым я лIыщхьэхэр.

А ЗЭХУЭСЫМ щызэпсэлъащ Тыркуи и Президент Эрдоган Реджепрэ Украинэм и Iэтащхьэ Порошенкэ Пётрэ. Абы кьрикIуахэм щытепсэлъыхьыным Эрдоган журналистхэм яжриащ Кърымым теухуауэ Порошенкэ и Iэху епIыкIэр зэрыдиIыгъыр икIи Украинэм и щхьэхуитныгъэмрэ и щIыналъэр ихуымэжьынымкIэ щIэгъэкъуэн хуэхъуну зэрыхьэзырыр.

- Урысей Федерацэм худи3 пыщIыныгъэхэр зэпIэзэрыт хьужа щхьэкIэ къэмынэу, Тыркум Кърымым ехьэлIауэ иIэ епIыкIэм зихъэжакъым. Дэ апхуэдэу дегъэпIейтей кърым тэтэрхэм я хуитныгъэхэр кьыззэтекъута зэрыхьуам, - жиIащ Эрдоган.

Фигу къэдгъэкIыжьинщи, 1954 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ Кърымыр РСФСР-м кьыхагъэкIри, Украинэ ССР-м хагъэхьауэ щытащ. 2014 гъэм а щIыналъэм щрагъэкIуэкIа референдумым ипкъ иткIэ, Кърымыр Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм ящыщ зы хьужащ.

«Хъыбарыщ1эхэр» РИА.

● Егъэджэныгъэ

Дерсхэмрэ мардэхэмрэ

Сыхьэт дапщэкIэ егъэджакIуэр лэжьэн зэрыхуейр? Дэнэ дерсхэм нэхъыфIу зыщыхуэбгъэхьэзыр хъунур? А упщIэхэм щIэх-щIэхьурэ ягъэпIейтей Iэщ1агъэлI щIалэщIэхэри библиотекхэхэр къэзыгъэсэбэлу щытауэ иджы интернетым и Iуэхутхьэбзэхэр къызыхукъуэкIа егъэджакIуэ Iэзэхэри.

Сыт мардэу къэлъытэн хуейр?

«Иджырей егъэджакIуэм и лэжьыгъэм и мардэр бгъэувыныр Iэху тыншкъым, - жеIэ Мэзкуу къалэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и департаментым и унафэщIым и къуэдзэ Васильевэ Татьянэ. - Сытым къыхэкIыу? Сыт егъэджакIуэм и лэжьыгъэу къэлъытэн хуейр икIи дауэ абы мардэ зэрыхуэбгъэувынур? Дэфтэрхэм ириплъэмэ, зы ставкэм хуэзэ педагогикэ лэжьыгъэм и мардэр сыхьэт 18-щ е дерс 18-щ. Сыт е дерс 18-м къызэщIибыдэр икIи дауэ ар къызэрубжьнур? КъызэрабжьымкIэ, дерсхэри абыхэм я зэхуакъ дэт зыгъэпсэхугъуэ зэманхэри егъэджакIуэм и лэжьыгъэ зэманым хуэзэ. Ауэ егъэджакIуэхэм дерс егъэкIуэкIыным къищынэмыщIауэ, иджыри куэдыкIей зэфIагъэкI: щIэныгъэ-методикэ лэжьыгъэ гъэзэщIэныр, сабийхэмрэ адэ-анэхэмрэ яIущIэныр, дерсхэм зыхуэзгъэхьэзырыныр - абыхэм псоми гъащIэм и зэман яубыдкIи лэжьыгъэ сыхьэт бжьыгъэхэм хабжэркъым. Дэ тедухуэфынукъым сыт хуэдэ лэжьыгъэ лIэужьыгъуэми дапхуэдизэ зэман егъэджакIуэхэм трагъэкIуэдэн хуейми. Ар зэхищIыкIыпхъащ егъэджакIуэр Iэщ1агъэу кьыхэзых дэтхэнэ зыми. А Iуэхугъуэр псом нэхърэ нэхъ гугъущ егъэджакIуэмрэ егъэлIэм и нэхъыщхьэмрэ я зэхущытыкIэмкIэ. ЕгъэджэныгъэмкIэ Лэжьыгъэ кодексым зэриты мкIэ, тхьэмахуэм хуэзэу егъэджакIуэм сыхьэт 36-рэ кьыIыпх. А зэман псоми лэжьакIуэр еджапIэм щIэсын хуей? Хьэуэ, хуейкъым.

Ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ егъэджакIуэхэм адэ-анэхэмми - зыфIэгъэщIэгъэн псоми, УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и приказитIым (№ 69, № 1601) зыщагъэгъуэзэнщ. Зэман хэха зимыIэ лэжьыгъэр еджапIэмрэ егъэджакIуэмрэ я планым тетщ. Зэтеублагъэ лэжьыгъэ щIыIэкъым. Дэтхэнэ егъэджакIуэми и лэжьыгъэм и зэхэлъыкIэ хъунур нэхъапэIуэкIэ еубзыху икIи ар еджапIэм и планым зэрытригъахуэр зы махуэкIэкъым икIи тхьэмахуэкIэкъым, атIэ гъэ еджэгъуэ псом и кIыхьагъкIэщ.

Аращи, лэжьыгъэ зэманыр махуэ къэс щIэ гуэр кьыхэзыхьэ егъэджэныгъэм теухуауэ уб3ыхуэ хуей мэхъу. Нэхъапэ щIэныгъэ къигъэхуапIэу щыIар школ библиотекэхэрауэ щытамэ, иджы апхуэдэщ зэпымыууэ лажьэ интернет IэнатIэхэр. Абы къыхэкIкIэ егъэджакIуэм и зэманыр нэхъ хуит хъуащ. КъыщынэмыщIауэ, еджакIуэхэм щIэныгъэ зэрызрагъэгъуэт Iэмалхэми захъуэжащ. Нобэ унагъуэ куэдым къыгъэсэбэп дистанционнэу зэрыгагъаджэ щIыкIэр. Абы и фIыгъкIэ егъэджакIуэм телъ гугъуехьыр нэхъ мащIэ хъуащ.

Сэ сызэрелъымкIэ, дерсыр тэмэму бгъэхьэзыну гупым нэгъэсауэ удэлэжьэным сыхьэт 21 - 24-рэ токIуадэ. Сыхьэт 18-р сфIэмащIэщ егъэджакIуэм и лэжьыгъэр нэсу игъэщIэнымкIэ.

ЕгъэджакIуэ куэд щIоупщIэ сыхьэт 36-р Iэмал имыIэу еджапIэм щагъэкIуэн хуейрэ хуэмейрэ зэхагъэкIыну. Абы теухуауэ жысIэнур зыщ: егъэджакIуэм и лэжьыгъэ зэманыр зэлъытар дерс бжьыгъэ иIэращ, адрей зэманыр зэпхар школым и планхэрщ. Сыхьэт 36-кIэ залымыгъэкIэ еджапIэм фыщIагъэсыну хуиткъым. Дерсхэм зыхуагъэхьэзырырри адэ-анэхэм зыхуагъэзэнри школ пщIантIэм дэмыту егъэджакIуэхэм зэфIагъэкI хъунущ».

ЩIэныгъэлIым и псалъэ

- Иджырей зэманым егъэджакIуэм хуагъэув мардэхэм хэхъуэ зэпытщ икIи абы къыхэкIкIэ нэхъыбэрэ лэжьэн хуей мэхъу, - жеIэ Мэзкуу къалэм егъэджэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и унафэщI Ивановэ Маринэ. - Псалъэм папщIэ, еджакIуэхэм я лэжьыгъэхэр къэпщытэным тхьэмахуэм ику иту сыхьэтий токIуадэ. ПэщIэдзэ классхэм урысыбзэмрэ литературэмрэ е математикэр щезыгъэджэным тхьэмахуэ къэс лэжьыгъэ 250-рэ къипщытэн хуей мэхъу.

Иджыри зы щытыкIэ, икъукIэ зэман куэд токIуадэу. Нобэ дэтхэнэ егъэджакIуэми илъэс къэкIуэнум и планыр нэхъ пасэу игъэхьэзырын хуейщ. Апхуэдэ лэжьыгъэр напэкIуэщI 600-м щынэблагъэ къохъу. Фи нэгу кьыщIэрэгъэхьэт абы сыт хуэдиз зэман лей ихьми. ИкIи и нэхъыбэм апхуэдэ лэжьыгъэхэр мыхьэнэ зимыIэщ. А псалъэмакъыр иужьрей зэманым куэдрэ кьаIэтащ икIи УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм абы гу лъедгъэтащ. Мыхьэнэ зимыIэ тхылъымпIэ лэжьыгъэ лейхэр Iуэхум хагъэхьыным теуухуа зэхъуэкIыныгъэр кьыхалъхьащ.

Псом нэхърэ нэхъапэраши, егъэджакIуэр щхьэхуиту щытын хуейщ, сабийхэм щIэныгъэр нэгъэсауэ ябгъэдилъхьэн, езыми зыужьныныгъэ игъуэтын папщIэ. Апхуэдэ лэжьыгъэ дыхуейуэ щытмэ, егъэджакIуэхэр хэдгъэзыхь хъунукъым Iэмал имыIэу сыхьэт 36-рэ еджапIэм щагъэкIуэну. Ауэ зыгуэр а мардэм нэхъ р нэхъыбэкIэ лажьэ хъумэ, абы улахуэр нэхъыбэу етын хуейщ.

ХРИСТОФОРОВЭ Валерие.
«Аргументы и факты»

● Лыхъужьныгъэ

Зы дакъикъи егупсысакъым

Ингуш Республикэм щыщ, илъэс 12 фIэкIа мыхъу Албогачиев Магомет мафIэсым къыригъэлащ и шыпхъуитIыр.

- ЭКАЖЕВЭ къуажэм дэт унэм мафIэ къыщыщIэнам пщIантIэм дэсыр балигъ мыхъуа сабийхэм я закъуэт - Магометрэ абы и шыпхъу нэхъыщIэхэу Данэрэ Рянэрэ, - щыжаIащ ИР-м и Iэтащхьэм и пресс-Iуэхущ1апIэм. Сырымэ кьызыщIихьа щIалэ цIыкIур пщIантIэм къыдэльадэри, илъэгъуащ хъыджэбз цIыкIуэр зыщIэс пщэфIапIэр мафIэм зэрисыр. И щхьэм напэIэпъащ трипхъэри, ар занщIэу пэшым щIэпъэдащ.

- Ди дэлъхур лIыхъужьщ, мафIэ кьилъэгъуа нэужь Iэнкун мыхъуу ар унэм ныщIыхьэри Данэ кьыщIишащ, итIанэ сэ IэплъэкIэ сыкъыщIихащ, - игу кьегъэкIыж илъэситху хьу Раянэ.

КъэхъуакъащIэм кьраджа мафIэсгъэункIыфIхэм дакъикъэ бжьыгъэм кьриубыдэу мафIэр ягъэужьыхащ. Зыми фэбжь игъэтакIым икIи дохутырхэм я Iуэхутхьэбзэ хуей хъуакъым.

Ингушым и Iэтащхьэ Евкуров Юнус-Бэч щIалэ цIыкIур и деж кьриджэри, лIыхъужьыгъэ зэрихьам папщIэ фIыщIэ хуищIащ икIи Iэмал имыIэу къегъэлакIуэ хуэн хуейуэ жриащ.

- Апхуэдэ щытыкIэм ихуа балигъыр Iэнкун хъуфынущ. Ауэ уэ, илъэс 12 фIэкIа умыхьуу, цIыхухъу нэсу зыкъэбгъэлъэгъащ. УэркIэ гушхуэр уи шыпхъуэхэмрэ уи адэ-анэхэмрэ я закъуэкъым, атIэ республикэ псом уращапхъэщ. УщлалофIщ, тхыдэм ухыхьащ, - зыкъыуэгъэзащ Магомет щIналъэм и Iэтащхьэм.

Евкуровым ныбжьыщIэм саугъэтрэ сабийхэр мафIэсым кьыщригъэлым зэрихьа лIыхъужьныгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ ЩIыхь тхыльрэ ириташ. Мы махуэхэм Албогачиев Магомет и къыхуагъэфащащ УФ-м и МЧС-м къыбгъэдэкIыу «МафIэсым щысыщIэрихьа хахуагъэм папщIэ» медальр. Абы къищынэмыщIауэ, щIалэ цIыкIум республикэм и щIыхьыр щихъужащ «Лыхъужьныгъэм и вагъуэбз» урысейпсо зэпеуэм.

ПАВЛОВЭ Екатеринэ.
«Московский комсомолец»

НапэкIэнтIыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Замирщ.

ЗэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къытполъэ

● Шынагъуэншагъэ

Iэщ1экIэ зэщIэуэздэ Iэнатlэхэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр щрагъэкIуэкIыну ди къэралым зыщагъэхьэзыр. Апхуэдэу етх «Коммерсантъ» газетым. ХьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм къызэратымкIэ, 2018 гъэм ирихьэлIэу Урысейм къыщынэнущ ФСБ-м и къалэнхэр зыгъэзэщIэну Къэрал шынагъуэншагъэмкIэ министерствэр.

КЪЭРАЛ шынагъуэншагъэмкIэ министерствэм (МГБ) къалэныщIэ хуэхуагъэувынущ. Псалъэм папщIэ, ар кIэлъыплъынущ абы игъэхьэзыра дэфтэрхэм япкъ иткIэ МВД-мрэ Следственнэ комитетымрэ къаIэт уголовнэ Iуэхуэхэм. МГБ-м хэтынущ езым и следственнэ управленэ. Абы зэхигъэкIыну Iуэхуэхэм щIэпхъаджагъэ инхэмрэ.

Адрейуэ, ирагъэкIуэкIыну зыхуагъэфащэ зэхъуэкIыныгъэхэм ящыщщ Следственнэ комитетыр прокуратурэм хагъэхьэныкIыну. КъищынэмыщIауэ, газетым етх МЧС-р щамыгъэIэжьыхэ-ну. Ауэдэу къэхъумэ, «мафIэс» унэтIныныгъэр - МВД-м, къеГъэлакIуэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр зэпIэзэрыт щIыжьныр - зыхъумэжьныгъэмкIэ министерствэхэм иратыжьну хуагъэфащэ.

«Коммерсантъ»-м зэритхмкIэ, зэхъуэкIыныгъэхэр сабэп хуэхьунущ хабзэхъумэ Iэнатlэхэмрэ Iэщ1экIэ Зэщ1эуэздэ Къарухэмрэ нэхъ тынщу зэдэлэжьэным, абыхэм коррупцэр хэгъэкIыным. Iуэхум зыхуэгъэхьэзырыр щIадзащ ФМС, ФСНК Iэнатlэхэр Iуахьжьу ЛъэпкъГвардиер къыщыцIунэхуам.

АГЕЕНКЭ Игорь.
«Аргументы и факты»

Рэдактор нэхъыщIхэр ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъэуэм и 14-м Печатым и хуитныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIынальэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 3.538
Заказ №1486